WIKIPÉDIA

Velociraptor

Velociraptor ya iku jinis kéwan dinosaurus sing kalebu kéwan karnivora nalika jamanè ya iku ing Jaman Cretaceous pungkasan.[1] Tembung Velociraptor manawa kapèrang dadi loro ya iku Veloci (rikat) lan Raptor (maling),manawa didefinisikakè bakal duwé teges dinosaurus sing mlayune rikat.[1] Velociraptor diceluki maling amarga kebiasaanè nyolong endhog kéwan liya.[2]

Velociraptor	
Kalamangsa: Late Cretaceous	
Klasifikasi ngèlmiah	
Karajan:	Animalia
Filum:	Chordata
Klas:	Sauropsida
Superordho:	Dinosauria
Ordho:	Saurischia
Subordho:	Theropoda
Famili:	Dromaeosauridae
Génus:	***Velociraptor*** Osborn, 1924
Species	
V. mongoliensis Osborn, 1924	

Isi

Anatomi
Penemuan Fosil
Masa Uripè
Lingkungan Uripè
Perilaku
Kapinteran
Cara Mangan
Cara Gerakè
Cathetan suku

Anatomi

Velociraptor ya iku kéwan dinosaurus kang ngadeg nganggo sikil loro (bipedal) lan kalebu dinosaurus sing paling rikat.[1] Kéwan karnivora iki duwè sawatara 80 untu mlengkung sing landhep-landhep.[2] Monconge dawa rata,ana untu dhuwuré sing dawanè nganti 2,5 cm.[2] Predator iki gulunè mlengkung, tangan cilikè duwè driji telu sing dijangkepi kanggo cakar sing dawa lan landhep-landhep.[2] Sikilè dawa tur tipis, lan duwé cakar ing saben drijinè.[2] Ukuran endhasè 7 inchi (18 cm).[2] Kemampuan Velociraptor sing paling unggul ya iku ana ing rikat playonè.[2] Velociraptor bisa mlayu ing lapangan kebuka kanthi 40 mph (60 km/jam) cepetè ing wektu singkat.[2] Kéwan iki dawa awakè sawatara 5 nganti 6 kaki (1,5–2 m), lan dhuwur kira-kira 3 kaki (1 m).[2] Diprakiraakè boboté 15 nganti 33 pon (7 nganti 15 kg).[2] Buntut kaku Velociraptor duwé fungsi kanggo panyeimbang lan kanggo pranti manawa arep ganti arah nalika mlayu.[2] Velociraptor duwé cakar sing mirib clurit dawanè 3,5 inchi (9 cm) ana ing driji tengahè sing bisa ditarik mlebu.[2] Cakar iki minangka senjata utama.[2] Fungsinè kanggo mburu mangsanè (kéwan sing mangan tetuwuhan kaya ta Hadrosaurus) kanthi gampang.[2] Otakè Velociraptor iku rèlatif rada gedhé tinimbang ukuran awakè(iku mung kanggo gènus dinosaurus Dromaèsauroid, dinosaurus sing paling cerdas).[2]

Penemuan Fosil

Fosil Velociraptor sepisanan tinemu déning ahli paleontologi H.F. Osborn ing Mongolia nalika taun 1924.[3] Sawetara lusinan fosil tinemu sing salah siji antaranè tinemu mati bareng mangsanè.[3] Fosil Velociraptor bisa tinemu ing Mongolia, Rusia, lan China.[3]

Masa Uripè

Miturut para ahli,Velociraptor urip nalika jaman Crètacèous akir,sawatara 85 – 80 yuta taun kapengker[2]. Dinosaurus sing urip bareng sejamanè Velociraptor ya iku Protocèratop, Gallimimus ,Oviraptor, Edmontosaurus, Maiasaura, lan Saurolophus.[2]

Lingkungan Uripè

Velociraptor urip ing lingkungan sing cenderung garing nanging cedhak karo banyu, umpamanè kaya ing ara-ara sing ana sumber banyune[2].

Perilaku

Nalika taun 1971, fosilè Velociraptor lan Protocèratop tinemu bareng.[4] Loro-loronè diindikasi mati bareng.[4] Posisinè,Velociraptor lagi nyerang Protocèratop nganggo cakarè lan endhas lapis bajanè Protocèratops jebulè nembus dhadhanè Velociraptor.[4] Velociraptor,bareng karo Dromaèosauroid liyanè,ya iku dinosaurus sing paling cerdhas,diitung saka ukuran volume otakè dibandingakè karo bobot awakè.[4] Bab iki sing gawè Velociraptor karan salah sijining prèdator sing paling medèni.[4] Velociraptor seneng mburu ing kawanan,malah bisa uga mburu kéwan sing ukuran awakè luwih gedhé saka dhèwèkè.[4]

Kapinteran

Velociraptor iku dinosaurus jinis Dromaeosauroid, tegesè kepinteranè (manawa diukur saka perbandingan polo karo awakè) dianggep paling dhuwur tiimbang dinosaurus jinis liyanè.[2]

Cara Mangan

Velociraptor iku karnivora (kéwan sing mangan daging).[5] Manawa uga mangan apa waè sing bisa dipangan.[5] Velociraptor iku kéwan sing seneng ngelompok nalika mburu mangsanè.[5] Mangsa utamanè ya iku Protocèratops lan kéwan hèrbivor liyanè kaya ta Hadrosaurus (dinosaurus lambe bebek).[5]

Cara Gerakè

Velociraptor ngadeg nganggo sikil loro sing dawa,sing nggawè Velociraptor bisa mlayu kanthi rikat. Diprakiraakè Velociraptor bisa mlayu nganti 40 mph (60 km/jam) cepetè.[2] Velociraptor uga kéwan sing mlumpatè dhuwur.[2]

Cathetan suku

1. www.mce.k12tn.net (http://www.mce.k12tn.net/dinosaurs/velociraptor.htm)(dipunundhuh tanggal 26 Mèi 2011)
2. www.enchantedlearning.com (http://www.enchantedlearning.com/subjects/dinosaurs/dinos/Velociraptor.shtml)(dipunundhuh tanggal 26 Mèi 2011)
3. www.kidsdinos.com (http://www.kidsdinos.com/dinosaurs-for-children.php?dinosaur=Velociraptor)(dipunundhuh tanggal 26 mei 2011)
4. dinosaurs.about.com (http://dinosaurs.about.com/od/carnivorousdinosaurs/p/velociraptor.htm) (dipunundhuh tanggal 26 Mèi 2011)
5. www.kidsdinos.com (http://www.kidsdinos.com/dinosaurs-for-children.php?dinosaur=Velociraptor) (dipunundhuh tanggal 26 Mèi 2011)

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Velociraptor&oldid=1493450"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.31, 25 Sèptèmber 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.